



ÈSKE YON RANDEVOU AK YON **ESPESYALIS JENETIK** AP BON POU FANMI W?

Pafwa se chanjman nan jèn nou yo ki lakoz pwoblèm sante yo. **Espesyalis jenetik yo** ka pèmèt yo konnen si chanjman jenetik nan yon fanmi eksplike kondisyon sante fanmi sa epi ofri resous pou depistaj la ak tretman an.

Yon vizit kay yon espesyalis jenetik ka itil si ou gen **plizyè manm nan fanmi an ki gen**



Kansè



Lanmò sibit san esplikasyon



Maladi ren



Dyabèt san faktè risk tipik yo



Malkadi



Gwo pwoblèm pou wè



Difikilte pou tande



Twoub nan mouvman



Anemi (Kantite globil fèb)



Kondisyon anfans biza



Pwoblèm medikal konplike

Kòman yon vizit kay yon espesyalis jenetik ka ede mwen?

- ✓ Yo ka evalye si pwoblèm sante nan fanmi w lan ereditè ak si se yon diferans jenetik ki transmèt nan fanmi w ki lakoz li
- ✓ Yo ka idantifye kiyès nan fanmi w ki gen riks la
- ✓ Yo ka diskite sou rekòmandasyon depistaj ki disponib pou moun ki gen risk yo

**Pou plis enfòmasyon sou
Ki tip kondisyon ki ka ereditè
OSWA**

**pou w jwenn yon espesyalis tou pre w,
eskane kòd QR la oswa vizite sit entènèt la**

<https://nymacgenetics.org/maryland/>



New York Mid-Atlantic Caribbean Regional Genetics Network (NYMAC) la pou ede fanmi yo jwenn aksè ak sèvis ansanm ak enfòmasyon jenetik yo bezwen yo byen fasil.